

ANÈKS 1 POU RIVE 3, RCNY PARAGRAF 43-01

[ANÈKS 2B] Yo oblije afiche anons pou sekirite lè gen dife sa a, nan bilding ki kapab pran dife fasil, pou jan yo bati a, dapre règleman 3 RCNY §43-01(c)(3)(v) :

ANONS POU SEKIRITE LÈ GEN DIFE

SI GEN YON DIFE, KENBE SANFWA W. FÈ DEPATMAN PONPYE A KONNEN SA, EPI SUIV DIREKTIV ANPLWAYE DEPATMAN PONPYE A BAY. SI W OBLIJE PRAN AKSYON TOUSUIT, SÈVI AK ENTELIJANS OU POU WÈ KI AKSYON KI PI BON POU PWOTEKSYON W, DAPRE ENFÒMASYON KI EKRI PI BA LA A YO :

BILDING KOTE OU YE A KAPAB PRAN DIFE FASIL, POU JAN LI BATI A (COMBUSTIBLE, NON-FIREPROOF)

Si Dife a nan Apatman w

- Fèmen pòt pyès kote dife a ye a, epi soti kite apatman an.
- Veye byen pou TOUT MOUN kite apatman an menm lè avèk ou.
- Pran kle w.
- Fèmen pòt apatman an, san w pa fèmen l akle.
- Pandan wap soti, frape sou pòt moun ki rete nan menm etaj avèk ou yo, pou fè yo konnen gen ijans.
- Pase nan eskalye ki pi pre a, pou soti nan bilding nan.
- PA PRAN ASANSÈ.
- Depi w rive yon kote ki pa gen danje ankò, telefone 911. Pa fè sipozisyon gen lòt moun ki rele ponpye deja, sòf si w wè ponpye yo rive.
- Ale jwenn lòt moun ki rete nan apatman w yo, nan kote nou te chwazi davans la, deyò bilding nan. Fè ponpye yo konnen si gen pèsonn ki manke.

Si Dife a Pa nan Apatman w

- Manyen pòt oswa manch pòt apatman w nan, pou wè si yo cho. Si yo pa cho, ouvri pòt la yon ti kras, epi gade si gen lafimen, chalè, oswa dife nan koulwa a.
- Si w kapab fè sa san danje, soti kite apatman an ak bilding nan, dapre direktiv ki ekri pi wo la a pou lè gen dife nan apatman w.
- Si gen danje nan koulwa a, oswa nan eskalye a, poutèt lafimen, chalè, oswa dife, epi ou kapab rive nan yon kote pou chape pou dife, pase nan kote sa a pou soti kite bilding nan. Pase avèk prekosyon nan kote pou chape pou dife a, epi toujou pote timoun piti yo, oswa kenbe men yo.
- Si w pa kapab pase nan eskalye a, oswa nan kote pou chape pou dife a, telefone 911 epi bay adrès ou, nan ki etaj ou rete, nimewo apatman w, epi di konbyen moun ki genyen nan apatman w.
- Sele pòt apatman w yo avèk sèvyèt mouye oswa dra mouye, epi sele bouch chofaj yo, oswa lòt ouvèti kote lafimen kapab antre.
- Ouvri fenèt yo yon tikras, anlè ak anba, sòf si w ta wè flann ak lafimen ap monte pou vin kote ou ye a.

- Pa kase okenn fenèt.
- Si w wè gen danje pou moun mouri nan apatman w nan, ouvri yon fenèt epi souke yon sevyèt oswa yon dra, pou fè ponpye yo wè w.
- Si lafimen an vin pi gwo anvan moun vin ede w, kouche atè epi pran souf tou dousman nan nen w. Si w kapab, ale nan yon balkon oswa yon teras, pou w kapab pi lwen kote lafimen an, chalè a, oswa dife a ap soti.

